



5 Bagay ou Dwe Konnen Konsènan Bèt ki bay Sipò Emosyonèl anndan Kay

- 1 Yon bèt ki bay sipò emosyonèl (Emotional Support Animals, ESA) se yon bèt ki amelyore omwen youn nan sentòm andikap moun nan. Yon ESA diferan de yon bèt ki la pou bay sèvis oswa ki la pou gide yon moun; Kontrèman ak bèt sèvis la oswa ki sèvi kòm gid la, ESA yo pa resevwa fòmasyon endividyèl pou yo fè travay espesifik ki asosye ak andikap pwopriyete yo.
- 2 Yon founisè lojman oblije modifiye oswa fè eksepsyon nan règleman li genyen ki jere zafè ki konsène bèt yo lè li ka nesese pou yon moun ki gen yon andikap kapab itilize ak jwi lojman an nèt. Sa vle di yon founisè lojman ka bezwen fè yon eksepsyon nan yon règleman ki di "pa gen bèt kay" pou li pèmèt yon lokatè ki gen yon andikap kenbe yon bèt ki bay sipò emosyonèl (ESA). Men, kontrèman ak bèt ki rann sèvis oswa ki sèvi kòm gid yo, ESA yo pa egzante otomatikman de règleman yon founisè lojman ki mande pou pa gen bèt nan kay la.
- 3 Si w ap viv oswa si w pral rete nan yon bilding ki gen yon règleman ki di yo pa vle bèt nan kay la, ou ka mande yon aranjman rezonab pou ESA ou a. Si andikap ou a epi nesese pou w gen yon ESA paske w gen yon andikap pa parèt oswa pa gen lòt fason yo ka wè sa, founisè lojman ou an ka mande pwofesyonèl swen sante k ap trete w la pou l bay yon dokiman serye ki pwouve ou gen yon andikap e w bezwen yon ESA. Founisè lojman w lan pa kapab mande w pou w fè demann ou an alekri oswa pou w soumèt yon dokiman nan yon fòm espesifik. An jeneral, dokimantasyon yo jwenn sou entènèt yo, ki pa sòti nan men yon pwofesyonèl swen sante k ap trete, p ap ase fyab pou yo sipòte nesese pou w gen ESA a.
- 4 Founisè lojman ou an dwe fè yon evalyasyon endividyèl sou demann ou an epi li ka refize demann ou an si lè l pèmèt ou gen ESA a sa ka kreye yon chay ki twò lou k ap vin ajoute sou travay li. Ankèt la ap chita sou detay reyèl epi l ap gade si yo ta pèmèt ou kenbe yon ESA èske sa p ap chanje operasyon founisè lojman an fondamantalman oswa si sa p ap mete yon fado finansye oswa administratif sou do founisè lojman an.
- 5 Founisè lojman w lan pa ka mande w pou w peye yon depo sekirite adisyonèl oswa yon frè pou bèt kay, oswa pou w jwenn yon asirans lokatè adisyonèl, an echanj pou l pèmèt ou kenbe yon ESA. Sepandan, founisè lojman ou an ka mande w pou w peye pou nenpòt dega bèt la fè .

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w depoze yon plent, ale nan NJCivilRights.gov oswa rele **973-648-2700**



Biwo Pwokirè Jeneral New Jersey
NJCivilRights.gov



Pèsòn pa ka tire revanj sou ou paske w rapòte moun sa vyole Lwa Kont Diskriminasyon (LAD), depoze yon plent pou diskriminasyon, oswa paske w egzèse lòt dwa nan kad Lwa kont Diskriminasyon an. Depatman Dwa Sivil (DCR) fè respekte Lwa Kont Diskriminasyon (LAD), ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan New Jersey (NJ) kèlkeswa sityasyon yon moun kòm imigran. Pou w jwenn plis detay, klike [la a](http://la.a).